



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM PILÒT BIS KI MACHE AK KOURAN ELEKTRIK SÈLMAN POU REDWI DEGAJMAN GAZ EPI MODÈNIZE FLÒT TRANSPÒ PIBLIK LA**

***MTA pral Teste 10 Nouvo Bis Proterra ak New Flyer nan Lespwa pou yo Fè Kòmand 60 Bis Adisyonèl ki Mache ak Kouran Elektrik Sèlman***

***Nouvo Bis yo gen ladan WiFi, Konektè USB; Foto yo Disponib [Isit la](#)***

***Pwogram Pilòt la pral Vini Apre Finisman Reyisi Etid sou Meyè Pratik nan Mache Bis Elektrik la***

Jodi a, Gouvènè Andrew Cuomo te anonse kòmansman yon pwogram pilòt k ap dire twa zan pou 10 bis ki mache ak kouran elektrik sèlman k ap gen pou objektif pou redwi degajman gaz ak modènize flòt bis Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) a. Lè yo itilize lesan yo te aprann apati faz inisyèl pwogram pilòt la, MTA gen entansyon pou l fè kòmand 60 bis adisyonèl ki mache ak kouran elektrik sèlman. Pèfòmans bis yo pandan faz inisyèl pwogram pilòt la pral dikte lè pou yo achte pi gran kòmand lan. Nouvo bis ki emèt zewo degajman gaz, ki mache ak kouran elektrik sèlman yo ap sipòte dirabilite enwiwonmantal, yo fè mwens bwi pase bis tradisyonèl yo, epi yo pral gen enstalasyon tankou Wi-Fi ak konektè USB pou amelyore eksperyans kliyan yo.

“Pandan n ap restriktire ak reyimajine MTA a, nou gen yon opòtinite pou nou non sèlman modènize flòt bis nou yo men tou pou nou redwi degajman gaz k ap gen enpak sou anviwonman ak sou sante piblik la yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo pwogram sa a ap ede MTA sekirize yon avni ki pi pwòp ak pi vèt pandan l ap rantabilize dènye avansman inovativ yo pou pouse sistèm transpò an komen New York la yo pwogrese vè lavni.”

Anplis de tès y ap fè sou nouvo bis elektrik yo, MTA te fè kòmand 110 nouvo bis ki itilize Gaz Natirèl Konprime (Compressed Natural Gas, CNG) pou opere atravè Bronx ak Brooklyn ant kounye a ak premye trimès ane 2019 la. Nouvo bis yo pral premye bis atikile CNG ki mezire 60 pye, epi yo pral renouvle yon pòsyon nan flòt ki la deja ki gen 781 bis CNG ki mezire 40 pye, sa k ap retire bis ki pi ansyen yo nan sèvis yo epi ajoute kapasite. Bis CNG yo boule enèji pi pwòp epi yo degaje mwens patikil pase bis dyezèl yo.

Après yon etid sou meyè pratik nan sistèm atravè tout Etazini ak toupatou nan mond lan yo, MTA te idantifye de vandè pou fabrike yon total dis bis ki mache ak kouran elektrik sèlman, yo pral lwe yo pou fè tès ak evalyasyon pandan yon peryòd twa zan nan anvionman operasyonèl Vil New York la. Yo te chwazi premye nan vandè sa yo, Proterra, pou l founi senk bis elektrik ki pran chaj pandan lannwit ki pral fonksyone sou pakou yo ki gen ladan pakou B32 a nan Brooklyn ak nan Queens. Dezyèm vandè a, New Flyer, pral founi senk bis ki pral fonksyone sou pakou M42 ak M50 lan nan midtwon Manhattan. Tout nouvo bis ki mache ak kouran elektrik sèlman sa yo pral gen ladan yo enstalasyon pou kliyan yo tankou Wi-Fi ak konektè USB ki pral amelyore eksperyans kliyan yo.

Kontra lokasyon pou twa zan pou bis Proterra yo gen ladan sis ga woutye ki gen estasyon rechaj batri, yo pral enstale nan ga woutye Grand Avenue an nan Maspeth, Queens, kote bis yo pral rete pran chaj pandan lannwit oswa nan mitan jounen an. Premye etap pwogram pilòt la pral gen ladan tou yon estasyon rechaj batri a fòt pwisans sou wout yo, ki pral sitiye nan sant komèsyal Williamsburg Bridge Plaza a nan Brooklyn, epi yo pral itilize l pou pwolonje dire sèvis bis yo lè yo chaje batri yo rapid san yo pa bezwen retounen nan ga woutye a. Sant komèsyal la se sant pou nèf pakou k ap sèvi Brooklyn, Manhattan ak Queens.

Kontra lokasyon twa zan an pou bis New Flyer yo gen ladan de ga woutye ki gen estasyon rechaj batri, yo pral enstale nan ga woutye Michael J Quill la, nan Manhattan, kote bis yo pral chaje batri yo pandan lannwit oswa nan mitan jounen an epi pou yo evantyèlman sipòte tip aktivite ki gen rapò ak antretyen ak fonksyonman bis yo. Premye etap pwogram pilòt la pral gen ladan tou de estasyon rechaj batri a fòt pwisans sou wout yo, youn nan East 41 Street ak dezyèm lan nan Pier 83, Circle Line nan West 43 Street. MTA gen plan pou yo aprann si de chajè sou wout sa yo ka evantyèlman sipòte fonksyonman pandan 24 è san bis yo pa bezwen retounen nan ga woutye a.

**Prezidan MTA Joseph J. Lhota te deklare:** “Antanke yon sant biznis ak transpò, Vil New York la se yon tèren esè ideyal alafwa pou bis elektrik yo ak teknoloji pou chaje yo. Pandan n ap kontinye modènize sistèm transpò piblik nou an, MTA atann yon avni ki pi dirab lè yo kontinye redwi degajman gaz a efè sèr yo epi fè inovasyon onivo tout operasyon yo”.

**Direktris Jeneral MTA Ronnie Hakim te di,** “Pwogram pilòt sa a fè pati misyon global nou genyen pou nou modènize flòt bis nou an: ke se dènye teknoloji veyikil elektrik, avansman modèn depwent tankou alèt pyeton lè y ap vire, priyorite pou limyè siyalizasyon yo oswa sistèm sekirite avanse yo, investi nan enfrastrikti bis nou yo se premye priyorite pou MTA”.

An preparasyon pou pwogram pilòt la, MTA te fè yon etid sou meyè pratik global pou bis elektrik yo pandan katran. Pwosis la te gen ladan yon revizyon rapò sistèm an Ewòp, Azi ak Amerik Disid yo; patisipasyon nan gwoup endistri tankou Enstiti Rechèch sou Enèji Elektrik la (Electric Power Research Institute), Sosyete Enjeynè Otomobil yo (Society of Automotive Engineers) ak Asosiyasyon Transpò Piblik Ameriken an (American Public Transportation Association); vizit ak konsilasyon an pèsòn avèk otorite transpò yo nan London, Geneva, Chicago, Philadelphia, Seattle, Los Angeles, ak Montreal; epi tès ak enspeksyon bis ki soti nan plizyè founisè.

Pwogram pilòt la gen entansyon pou founi MTA ak fabrikan bis elektrik yo done pratik sou kisa ki mache byen nan anviwonman metwopoliten New York la. MTA a pral itilize rezilta yo jwenn nan pilòt la yo pou rafine ak devlope espesifikasyon bis la yo pou akizisyon bis elektrik la yo alavni pou asire bis yo konplètman kapab satisfè rigè operasyonèl yo nan Vil New York. An konsekans, kontra lokasyon inisyal la ak evalyasyon bis la yo pa elimine okenn lòt fabrikan nan pwosesis akizisyon konpetitif yo alavni.

Sou lòd Gouvènè Cuomo, New York ap atake chanjman klimatik yo lè yo chanje sistèm transpò a soti nan itilizasyon konbistib fosil a degajman elve yo pou vin itilize elektrisite, k ap soti nan enèji renouvlab deplizanpli. Semèn pase a, Diskou Eta Leta ane 2018 la te anonse eta a vle investi fon ki soti nan akò yo te fè ak Volkswagen lan pou sipòte tranzisyon a mobilite elektrik la, ki gen ladan bis elektrik yo, epi yo vle sipòte ogmantasyon estasyon rechaj batri pou veyikil elektrik ki disponib pou piblik la yo rive 10,000 avan 2021.

Eta New York la gen konsomasyon enèji ak degajman gaz a efè sèr pa abitan ki pi ba nan peyi a gras a, an pati, detyè nan rezidan eta yo abite ak travay nan rejyon plizyè pwopriyete MTA a yo ap fonksyone, ki gen ladan Long Island Rail Road, Metro North, bis ak subway MTA yo.

Pandan MTA pwodwi 2.1 milyon tòn metrik Degajman Gaz a Efè Sèr chak ane, fonksonman transpò komen li yo aktyèlman redwi de 17 milyon metrik tòn anmwens chak ane. MTA se premye ajans transpò komen ki mezire degajman sa yo onivo rejyonal, epi li fè sa a nan kad misyon l ap kontinye fè pou mezire tout benefis transpò piblik la yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418